



# Poukisa Li Tèlman Enpòtan pou Fè Depistaj pou Kansè?

**Yo kapab trete kansè nan yon fason efikas si yo detekte li pandan yon etap bonè**

Si ou pa gen asirans sante oswa si asirans sante ou pa peye pou depistaj kansè, pwogram Depistaj pou Lavi ([Screening for Life](#)) a kapab peye pou tès depistaj kansè pou adilt yo ki abite nan eta Delaware. Yo garanti depistaj yo ki kapab gen ladan tès depistaj kansè yo nan tete, matris, poumon, kolon ak pwostat. Yo gen espesyalis enskripsyon pou Depistaj pou Lavi ki disponib nan telefòn pou ede ou ranpli aplikasyon anwolman an nan lang prefere ou.

**Ou kapab kalifye pou pwogram Depistaj pou Lavi (Screening for Life) a si ou:**

- Abite nan eta Delaware
- Gen laj ant 18-64 an epi ou pa kalifye pou Medicaid oswa ou gen laj 65 oswa pi gran epi ou pa kalifye pou Medicare
- Pa kalifye pou sante asirans ki soti nan men Healthcare Marketplace (Mache Swen Sante)
- Pa gen asirans oswa gen asirans sante ki pa garanti depistaj yo
- Satisfè direktiv revni yo

Pou aprann plis enfòmasyon oswa pou pwograme yon lè pou pale avèk yon espesyalis enskripsyon pwogram Depistaj pou Lavi a, rele Lamartz Brown nan nimewo (302) 358-0396.

Èdtan Ouvrab yo:

Lendi: 12:00 pm – 2:00 pm

Mèkredi: 4:00 pm – 6:00 pm

Vandredi: 9:00 am – 11:00 am



Se Akò Koperatif Nimewo NU58DP006349-02 nan Sant la pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi k ap patwone piblikasyon sa a. Kontni yo se responsablite otè yo sèlman epi pa nesesè reprezante opinion ofisyèl Sant la pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi. Piblikasyon Nimewo DEDPH-CS-051520